**दिन–रविवार** **दिनांक–16.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय कपड़ा मंत्री गिरिराज सिंह बेगूसराय मे उद्योगक पता लगेबाक लेल आइ जिलाक बियाडा क्षेत्रक निरीक्षण कयलनि। एहि संबंध मे ओ अधिकारी लोकनि संग समीक्षा बैसार सेहो कयलनि। श्री सिंह कहलनि जे बेगूसराय के टेक्सटाइलक क्षेत्र मे पैघ केन्द्र बनेबाक लेल हर संभव मददि देल जायत। एहि सँ स्थानीय लोक सभ के रोजगारक अवसर भेटत। ओ कहलनि जे बेगूसराय मे एक सय एकड़ क्षेत्र मे वस्त्र उत्पादन आ व्यापार के लऽकऽ टेक्सटाइल हब बनाओल जायत आ नीक डिजाइन तथा तकनीक के बढ़ावा देबाक लेल निफ्ट प्रशिक्षण केन्द्रक स्थापना सेहो कयल जायत।

---

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आइ पटनाक रविन्द्र भवन मे मिलेट महोत्सवक शुभारंभ कयलनि। तीन दिवसीय एहि कार्यक्रमक आयोजन मोट अन्न के बढ़ावा देबाक संगहि एकर प्रचार–प्रसार लेल कयल जा रहल अछि। एहि अवसर पर राज्यपाल कहलनि जे मोट अन्न के एकर गुण सभक कारणे श्रीअन्नक नाम देल गेल अछि। ई उत्तम स्वास्थ्यक संग–संग किसान लेल सेहो लाभादायक अछि। समारोह के कृषि मंत्री मंगल पांडेय सेहो संबोधित कयलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि मासक तीस तारीख के आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। ई एहि मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय एगारहम संस्करण होयत। श्री मोदी के लगातार तेसर बेर प्रधानमंत्री बनलाक बाद मन की बातक ई पहिल संस्करण होयत। श्रोता टॉल फ्री नंबर एक आठ शून्य शून्य एक एक सात आठ शून्य शून्य पर कार्यक्रम लेल अपन विचार आ सुझाव दऽ सकैत छथि। नरेन्द्र मोदी ऐप अथवा माई जीओवी ओपन फोरम पर सेहो अपन विचार ऑनलाईन साझा कयल जा सकैत अछि। अट्ठाईस जून धरि पठाओल गेल सुझाव आ विचार के कार्यक्रम मे सम्मिलित कयल जायत।

———————————————————————

प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे भीषण गर्मी आ लू के लऽकऽ जनजीवन अस्त–व्यस्त भऽ गेल अछि। मौसम विभागक अनुसार आइ बक्सर मे सर्वाधिक छियालीस डिग्री सेल्सियस तापमान दर्ज कयल गेल। औरंगाबाद, रोहतास, भोजपुर आ गया मे सेहो अधिकतम तापमान पैंतालीस डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। काल्हियो भीषण गर्मी सँ राहत भेटबाक उम्मीद नहि अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसून के पहुँचय मे चारि दिन आओर विलंब हेबाक संभावना अछि। मौसम विभाग पहिने सत्रह – अट्ठारह जून धरि मॉनसून के पहुँचबाक पूर्वानुमान व्यक्त कयने छल, मुदा, आब ताजा पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे बीस जून धरि मॉनसून उत्तर–पूर्वी भागक पूर्णियाँ अथवा किशनगंज बाटे बिहार मे प्रवेश करत। एहि कारणे उन्नैस जून के पूर्वी क्षेत्र मे मेघ लागल रहबाक संगहि आंशिक बरखा हेबाक संभावना बनल अछि। ओतहि, अररिया आ लऽगपासक क्षेत्र मे आइ सवेरे तेज हवाक संग आंशिक बरखा दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग कहलक अछि जे एहि प्रकारक मॉनसून पूर्व बरखा पूर्णिया, किशंनगंज, सहरसा, मधेपुरा, मधुबनी आ कटिहार जिला मे सेहो हेबाक संभावना बनल अछि।

———————————————————————

कुवैतक एक बहुमंजिला भवन मे भेल भीषण अग्नि दुर्घटना मे मृत भेल गोपालगंजक दुनू श्रमिकक अंतिम संस्कार कऽ देल गेल। काल्हि ई दुनू श्रमिक शिवशंकर सिंह कुशवाहा आ अनिल गिरिक शव गोपालगंज पहुँचला पर पैघ संख्या मे स्थानीय लोग सभ श्रद्धांजलि देलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार मुख्यमंत्री राहत कोष सँ दुनू मृतकक परिवार के दू–दू लाख टाकाक अनुग्रह सहायता राशि देबाक घोषणा कयलनि अछि।

———————————————————————

आइ गंगा दशहराक अवसर पर श्रद्धालु लोकनि मोक्षदायिनी गंगा मे डुबकी लगा स्नान कऽ पुण्य–दान कयलनि। धार्मिक मान्यताक अनुसार ऋषि भागीरथ अजुके दिन पृथ्वी पर गंगा के लायल छलाह। एहि अवसर पर बेगूसरायक सिमरिया धाम, बक्सर, भागलपुर, मुंगेर, खगड़िया आ पटनाक गंगा घाट पर श्रद्धालु लोकनिक भीड़ देखल गेल। दरभंगा जिला मे सेहो लोकसभ विभिन्न नदी आ सरोवर मे स्नान कऽ पूजा–अर्चना कयलनि।

———————————————————————

पटना जिलाक बाढ़ अनुमंडल अंतर्गत उमानाथ गंगा घाट लऽग एक नाव के धार मे उनटि गेला सँ ओहि पर सवार पांच गोटे लापता छथि। नाव पर सत्रह लोक सवार छलाह। प्राप्त जनतबक अनुसार ई लोकनि गंगा दशहराक अवसर पर स्नान करबाक लेल नाव सँ दोसर तट पर जायत छलाह। स्थानीय लोक आ नाविकक मददि सँ कतेको लोक के सुरक्षित बाहर निकालल गेल। लापता लोकक खोज कयल जा रहल अछि।

————————————————————————

दरभंगा जिलाक सदर थाना क्षेत्रक खुटवारा मोड़ लऽग एक बुलेट के हाईवाक चपेट मे अयला सँ बुलेट सवार दू व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेलनि।

————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।